



❖ Allegheny Immigration Group

Tout moun ki ap viv Ozetazini, ni sa ki gen papye, ni sa ki pa gen papye, tout gen sèten dwa konstitisyon Ameriken an garanti yo. Si w pa gen papye epi yon ajan imigrasyon (ICE) frape pòt ou, ou gen dwa sa yo:

- **Ou pa oblije ouvè pòt la.** Ou pa oblije ni ouvè pòt la ni kite ajan an antre nan kay la sof si yo gen yon manda yon jij siyen ki bay yo dwa fè fouy epi ki valab.
 - Yon manda pou depòtasyon ki sot nan ICE se pa menm ak yon mandan ki bay otorite dwa fè fouy. Si se mandan depòtasyon an sèlman yo genyen, legalman yo pa gen dwa antre lakay ou sof si se ou menm ki di yo yo mèt antre.
 - Si ajan yo di yo gen yon manda pou yo fouye kay ou mande yo pou yo fòme l anba pòt la oswa pou yo montre w li nan yon fenèt pou w ka wè li.
 - Si manda a pa gen bon non ou ak bon adrès ou sou li epi jij la pa siyen li ou pa oblije ni ouvri pòt la, ni kite yo antre nan kay la.
 - Nenpòt lè ou ta deside pale avèk ajan imigrasyon an, ou pa bezwen ouvè pòt la pou w fè sa. Ou ka pale ak yo dèyè pòt la oswa ou kapab soti deyò al pale ak yo.
- **Ou gen dwa pou w pa di anyen ditou.** Ou pa oblije di ajan imigrasyon an anyen ditou. Ou pa oblije reponn okenn kesyon li mande w.
 - Si yo mande w ki peyi w te fèt ki lè ou antre Ozetazini, ou ka refize reponn yo oubyen ou ka rete an silans.
 - Si w deside pa di anyen, di yo sa awotvwa.
 - Ou ka montre ofisye a kat ki ekri [konn ki dwa ou genyen](#), kat sa a ap fè l konnen ou pa vle di anyen epi ou ta renmen pale ak yon avoka.

Konnen ki dwa ou geyen: Si imigrasyon vin lakay ou

- Ou kapab refize montre idantifikasyon w ki make nan ki peyi ou soti.
- Pinga ou montre yo okenn fo dokiman epi pa ba yo manti.
- **Ou gen dwa pou w pale ak yon avoka.** Si yo arete w oubyen si yo mete w nan prizon, ou gen dwa pou w kontakte yon avoka tousuit.
 - Menm si ou pa gen avoka, ou ka di ajan imigrasyon yo ou vle pale ak yon avoka.
 - Si ou gen yon avoka, ou gen dwa pou w pale ak avoka
 - Si w gen yon [Fòm G-28](#), ki siyen, ki fè konnen ou gen yon avoka, bay ajan an fòm nan.
 - Si w pa gen yon avoka mande ajan imigrasyon an pou yon lis avoka ki travay gratis.
 - Ou gen dwa tou pou w kontakte konsila peyi ou. Konsila a ka ede w jwenn yon avoka.
 - Ou ka refize siyen non w sou nenpòt papye toutotan ou poko pale ak yon avoka.
 - Si w deside siyen yon papye san w pa pale ak yon avoka fòk ou sèten ou konn sa papye a di egzakteman anvan ou siyen li.

AVOKA IMIGRASYON PITTSBURGH

GROUP IMIGRASYON

ALLEGHENY

AVOKA JOE MURPHY

(412)973-3442

Tèks Joe an kreyòl

Tèks regilye oswa What'sApp

ASISTAN JURIDIK WENDIE A PALE SPANYOL

(412)641-0344